



REPUBLIQUE D'HAÏTI

MINISTÈRE DE LA SANTÉ PUBLIQUE
ET DE LA POPULATION

No. 585

Port-au-Prince, le 13 mai 2021

AVIS AU PUBLIC

Le Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP) félicite la population pour son engagement éprouvé dans la lutte contre la pandémie liée à la COVID-19 en Haïti depuis le mois de Mars 2020. Il veut porter à sa connaissance que la Direction d'Epidémiologie, des Laboratoires et de la Recherche du MSPP a dénombré **13.305 cas de contamination et 271 décès secondaires à la COVID 19 pour un taux de létalité de 2.04 %** au cours de la période de mars 2020 au 10 mai 2021. Selon les données disponibles pour ce début du mois de mai, une augmentation considérable du nombre de cas suspects, de cas positifs et de patients hospitalisés a été constatée.

Des instructions formelles ont été passées aux Directions techniques et normatives pour le renforcement des activités de surveillance épidémiologique particulièrement au niveau des ports, des aéroports, des villes frontalières ainsi que le suivi des cas contacts. Le MSPP sollicite par la même occasion le support de la presse pour mener une campagne massive de sensibilisation et invite la population à redoubler de vigilance car le coronavirus est encore très actif dans le pays. Les professionnels de la santé des secteurs privé et public doivent aussi s'impliquer dans la sensibilisation, le dépistage, le suivi des cas contacts et la prise en charge des cas confirmés. L'engagement de tout un chacun permettra de réduire les taux de contamination et de décès liés à la pandémie.

Le respect scrupuleux des mesures barrières est encore en vigueur. Il s'agit :

- 1. du port obligatoire du masque;**
- 2. du lavage systématique des mains ;**
- 3. de la prise de température obligatoire avant l'accès dans les espaces publics ;**
- 4. du respect de la distanciation physique, au moins d'1 mètre 50, entre chaque personne surtout lors de la tenue des rencontres en présentiel.**

Le Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP) compte une fois de plus sur la collaboration de tous afin de limiter la propagation et les conséquences de la COVID-19 sur la population haïtienne.


Dr Marie Gréta Roy CLEMENT
Ministre





REPUBLICQUE D'HAÏTI

MINISTÈRE DE LA SANTE PUBLIQUE
ET DE LA POPULATION

No. 585.....

Port-au-Prince, le 13 mai 20 21

AVI

Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP) wete chapo l byen ba pou l felisite popilasyon an pou angajman l pran nan batay kont pandmi COVID-19 la nan peyi Dayiti depi mwa Mas 2020. MSPP vle fè nou konnen, Direksyon Epidemyoloji Laboratwa ak Rechèch ki nan Ministè a rive jwenn **13, 305 ka pozitif ak 271 moun ki mouri anba COVID-19, sa ki bay yon pousantaj 2.04%** moun ki mouri ak maladi a soti mwa Mas 2020 an pou rive nan dat 10 me 2021 an. Daprè enfòmasyon ki disponib pou kòmansman mwa Me a, gen yon ogmantasyon nan kantite ka sispèk, ka pozitif ak kantite moun k ap pran swen lopital pou COVID-19 la.

Ministè Sante Piblik ak Popilasyon ap kontinye suiv fason pandemi a ap evolye nan peyi a epi li mande ak tout Direksyon ki konsène yo pou ranfòse tout aktivite siveyans epidemyoloji yo sitou siveyans k ap fèt nan pò, ayopò nan vil ki gen fwontyè yo epi suiv tout moun ki te an kontak ak yon moun ki ta sanble gen maladi a. Nan menm okazyon sa a, MSPP mande laprès pou ede l sansiblize tout popilasyon an epi mande tout popilasyon an pou yo vin pi vijilan paske **KOWONAVIRIS TOUJOU LA**. Pwofesyonèl lasante, piblik kou prive dwe rantre tou nan sanblizasyon, depistaj, suiv moun ki te nan kontak ak yon moun ki ta gen COVID-19 la epi fè prizanchaj ka konfime yo kòm sadwa. Angajman tout moun nan batay sa ap pèmèt nou redui kantite ka pozitif ak moun k ap mouri anba pandemi a.

Li enpòtan anpil pou n kontinye respekte jès baryè sa yo :

1. **toujou mete kachnen oswa mas nou depi w pral rankontre lòt moun ;**
2. **toujou lave men nou ;**
3. **toujou pran tanperati tout moun avan yo antre nan espas piblik yo ;**
4. **tout moun dwe rete a yon distans 1 mètr 50 youn ak lòt sitou lè gen reyinyon nan enstitisyon yo.**

Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP), yon lòt fwa ankò, konte anpil sou jan nou abitye kolabore avèk li epi wete chapo l byen ba pou l salye chak Responsab yo.


Doktè Marie Gréta Roy CLEMENT
Minis

